

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina proses panalungtikan kapanggih sababaraha hal, nya éta kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana lain wungkul miboga fungsi hiburan tapi oge, miboga fungsi nu séjén, nya éta fungsi beladiri, olahraga, ajaran karohanian, seni, jeung atikan. Dina mintonkeun kasenian penca silat taya sarat kudu nyadiakeun sasajén sakumaha ilaharna, cukup ku ngahaleuangkeun lagu “Kembang Gadung” saacan pintonan dimimitian.

Dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana aya unsur seni lianna anu ngarojong kana ieu kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana nya éta seni tari/ibing (koréografi), seni sora, seni musik karawitan (waditra), seni busana, jeung seni pakarang. Unsur-unsur nu geus ditataan tadi, peranna sarua penting lantaran lamun unsur dileungitkeun pagelaran kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana moal sampurna lantaran unsur nu hiji jeung nu séjénna silih lengkepan.

Dina panalungtikan, kapanggih ajén-ajén nu nyangkaruk dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana nya éta: ajén éstétis atawa ajén murni, ajén ékstra éstétis atawa ajén tambahan, ajén intrinsik, ajén ékstrinsik (formal), ajén dumasar téori serba intéléktual, ajén éstétis dumasar téori katarsis.

Ajén éstétis dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat bisa jadi salasahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna matéri ngeunaan budaya, nya éta “Maca Bahasan Kasenian”. Pangajaran di SMA kelas XII, nu disusun tina hasil panalungtikan nu dijudulan “Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”.

5.2 Saran

Ieu saran ditepikeun ka lembaga, murid, mahasiswa, guru, jeung masarakat umum.

1) Lembaga Kebudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Bandung Barat

Lembaga Kebudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Bandung Barat dipiharep leuwih ngainventarisir budaya jeung seni hususna kasenian tradisional nu aya di Kabupatén Bandung Barat kaasup kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana.

2) Murid, Mahasiswa, Guru

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi bahan pangajaran seni budaya atawa budaya Sunda husus pikeun mahasiswa, loba keneh nu acan kaguar tina ieu kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana. Atuh kaharep na, kacida hadéna lamun seug ieu kasenian téh ditalungtik deui dina garapan anu leuwih husus, sangkan kaguar hal-hal séjén pikeun ngawanohkeun deui ieu kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana.

3) Masarakat Umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji sarana pikeun masarakat umum mikawanoh kana kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana, minangka kasenian tradisional has Sunda. dipiharep masarakat leuwih mikaresep kana kasenian tradisional hususna kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana. Salian ti éta, masarakat dipiharep leuwih bisa ngamumulé budaya Sunda hususna kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana nu aya di wilayah Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat.

Tiya Komalasari, 2013

AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT

CAKAR KUMBANG KENCANA

DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG

KACAMATAN PARONGPONG

KABUPATÉN BANDUNG BARAT

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu